***Оразымбетова Айшолпан Муратбай қызы***
***Лауреат Государственной премии имени Зульфии (молодой исследователь).***
***Республика Узбекистан, г. Нукус***

# ***КОНЦЕПЦИЯ Н.ДАВКАРАЕВА В ИЗУЧЕНИИ КАРАКАЛПАКСКОГО ФОЛЬКЛОРА***

*Аннотация:* В статье рассматривается вклад Н. Давкараева в развитие каракалпакской литературы и фольклора и его уникальная концепция.

*Ключевые слова:* литература, фольклор, наука, художественная литература, концепт.

***Orazimbetova Aysholpan Muratbay qizi***
***Winner of the State Prize named after Zulfiya (young researcher***
***Republic of Uzbekistan, Nukus***

# **N. DAVKARAEV'S CONCEPT IN THE STUDY OF OF KARAKALPAK FOLKLORE**

*Annotation:* The article examines the contribution of N. Davkaraev to the development of Karakalpak literature and folklore and his unique concept.

*Key words:* literature, folklore, science, belles-lettres, concept.

Ma'mleketimizde xalqımızdıń mádeniyatın, ilimin rawajlandırıwda múnásip ornı bar, eli ushın pidayı xızmet etken ádiwli insanlardıń múbárek atların tiklew, olardıń xalıq ushın islegen miynetlerin máńgilestiriw baslı máselelerdiń biri esaplanadı. Bunı biz xalıqtıń milliy sanasınıń shamshıraǵı bolǵan tariyxıy tulǵa, belgili ilimpaz, ataqlı shayır, dramaturg, jámiyetlik hám mámleketlik ǵayratker Nájim Dáwqaraevtıń mısalında kóriwimizge boladı. Ol óziniń tereń bilimliligi, ozıq oylı jazıwshılıq talantı hám insanıylıq minez qulqı menen ózgeshe tanılǵan qálem ǵayratkeri edi. Shınında da Nájim Dáwqaraevtıń dóretiwshilik jeńisi hámmege úlgi, aqıldıń káni, tárbiyanıń ózegi boldı.

Ol ádebiyat hám kórkem-ónerdiń millettiń táǵdirindegi úlken áhmiyetin túsinip, onıń altın miyrasların izertlep, birinshi ret xalıqtıń xızmetine qoydı. Ullı alım, jazıwshı hám dramaturg, Qaraqalpaqstanda filologiya iliminiń tiykarın

salıwshı insan bolıp esaplanadı. Nájim Dáwqaraevtıń dóretiwshilik jolları óz zamanında da, sońınan da aydın jol bolıp qala berdi. Házir de Nájim Dáwqaraev salǵan ilimdegi dástúr dawam etpekte.

Qaraqalpaq xalqınıń súyikli perzenti, talantlı jazıwshı, dramaturg, dilmash hám ájayıp ilimpaz Nájim Dáwqaravtıń xalqımız ushın islegen hár bir isi xalıqtıń júreginde máńgi saqlanıp kelmekte.

«Ilimge jol salmaǵa,
Doktor ataǵın almaǵa,
Dáwqaraevtay bolmaǵa,
Qay birińniń shamań keldi!» -

– dep shayırdıń aytqanınday ol pidayılıq miyneti arqalı elimizdegi ádebiyatshılardıń abıroylısı, ziyalılardıń basshısı, pútkil ádebiyattanıw iliminiń rawajlanıwına baǵdar berip, ádebiyat processiniń uyıtqısı bolǵan ilimpaz boldı.[1]

Na'jim Da'wqaraev (1905-1953) — qaraqalpaq milliy ma'deniyatının' tariyxına iz salıwshı, jazıwshı, ilimpaz, ja'miyetlik isker. Ol talantlı pedagog. Qaraqalpaqstandag'ı tun'g'ısh joqarı bilim oraylarının' sho'lkemlestiriwshisi. Ko'p jıllar dawamında qaraqalpaq tili ha'm a'debiyatı kafedrasın basqaradı, studentlerge qaraqalpaq tili, a'debiyatınan sabaq beredi.[2]

Da'slepki mektep oqıwlıqlarının' avtorı. O'nın qa'lemine qırqqa jaqın ha'r qıylı atamadagı orta mekteplerge arnalg'an sabaqlıqlar ha'm oqıw quralları, metodikalık qollanbalar ha'm oqıw-ta'rbiya ma'selelerin so'z etetug'ın maqalalar tiyisli. Olar: baslawısh klasslar ushın "Oqıw kitabı"(1937), "A'lipbe" (1938), "Qaraqalpaq tilinin' grammatikası ha'm orfografiyası" (1938), 3-4-klasslar ushın "Qaraqalpaq tili sabaqlıg'ı" (1940), joqarı klasslar ushın "A'debiyat xrestomatiyası" (1940), "Qaraqalpaq tilinin' sintaksisi" (1939-1946), bir qatar oqıw bag'darlamaları, qaraqalpaq tilin, a'debiyatın oqıtıwdın jag'dayı tuwralı maqalalar. [3]

---

[1](«Қарақалпақ халқының биринши илим докторы». Алым ҳәм жазыўшы Нәжим Дәўқараевтың библиографиясы Г. Аббазова, Г. Тажимуратова Нөкис – 2018 )

[2]https://kaa.m.wikipedia.org/wiki/Na%27jim_Da%27wqaraev

[3] Дәўлетов А. Мектеп сабақларын дәслепки дүзиўшилердиң бири: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 2 авг

Ko'rkem a'debiyat tarawında 20-jıllardın' aqırı, 30-jıllardın' basında "Keshegi bir ku'nlerde" qosıg'ı (1929), "Ko'p ku'nlerdin' biri" gu'rrin'i (1929) menen tanıldı. Keyingi da'wirde onın' "Kim bilmeydi Ayshanı" (1933), "O'tkenlerden o'tkende" (1933), "Jan'a kanal" (1940) qosıqları, "Toyg'a barg'anda" (1939), "Baxıtlı miynet" (1940), "Umtılmaytug'ın miynetler" (1948) ocherkleri, "Partizanlar" (1934), "İnternatta" (1933), "Biybixan" (1939), "O'limdi pisent etpewshiler" (1943), "Batırlıq" (1940) gu'rrin'leri, "Alpamıs", "Rabochiy ju'regi" dramaları do'retildi. Bul jılları onın' awdarmasında İ.A.Krılovtın', A.S.Pushkinnin', N.A.Nekrasovtın, A.P.Chexovtın', L.N.Tolstoydın', A.P.Gaydardın', A.Nawayının', rus ha'm du'nya a'debiyatlarının' basqa da ko'plegen iri wa'killerinin' bir qatar qunlı shıg'armaları qaraqalpaq tilinde jarıq ko'rdi. N.Da'wqaraevtın' basshılıg'ında V.Vishnevskiydin' "Birinshi atlı armiya", Hamzanın' "Maysaranın' hiylesi", K.Simonovtın' "Rus adamları" shıg'armaların saxnalastırıladı. [4]

N.Da'wqaraev - qaraqalpaq a'debiyatının' tun'g'ısh ilimpazı. Og'an 1951-jılı ko'p jıllıq izertlew jumısının' juwmag'ı bolg'an "Qaraqalpaq a'debiyatı tariyxının' ocherkleri" atlı miyneti ushın filologiya ilimlerinin' doktorı ilimiy da'rejesin aldı.

Qaraqalpaq a'debiyattanıw ilimi menen kritikasının' tariyxı 20-jıllardan baslanadı. 30-jılları bul taraw o'zinin' qa'liplesiw basqıshında edi. Onın' qa'liplesiwinde N.Da'wqaraev, Q.Ayımbetov, İ.Sag'ıytov, O.Kojurov, Q.A'wezov, A.Begimov, M.Da'ribaev, A.Shamuratovlardın' xızmeti u'lken boldı.

N.Da'wqaraevtın’ da'slepki kritikalıq maqalaları menen retsenziyaları ayırım jazıwshılardın' tvorchestvosın, geypara shıg'armalardı bahalawg'a, olardı ken' ja'miyetshilikke tanıstırıwg'a bag'darlang'an. Onın ilimiy kritikalıq jumısları izertlew masshtabının' ken'ligi, pikir ha'm juwmaqlardın' konkretliligi, ilimiy jaqtan da'liyillengenligi menen ajıralıp turadı. Da'slepki ko'lemli miyneti 1946-jılı jazıp pitkerilgen "XIX a'sirdegi qaraqalpaq a'debiyatı" dep ataladı. Onda Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq shayırlardın' do'retiwshiligi 1-ret ilimiy talqıg'a alınadı. Son'ın

---

[4] Нуржанов П. XX – әсир қарақалпақ әдебияты ҳәм Нәжим Дәўқараев мийнетлери: // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 3 нояб.

ala bul miynet qayta islenip, 1951-jılg'ı "Qaraqalpaq a'debiyatı tariyxının' ocherkleri" atlı ko'p tomlıq jumısına engiziledi. Jumıs tiykarınan u'sh bo'limnen ibarat bolıp, qaraqalpaq folklorının', klassik a'debiyat miyrasların u'yreniw, jan'a da'wir qaraqalpaq a'debiyatının' payda bolıw, qa'liplesiw, rawajlanıw tariyxı ma'selelerine arnalg'an. Jumıstın' birinshi tomında folklorlıq shıg'armalardın' mazmunı, tematikası, ideyalıq bag'darları xalıqtın' turmısı menen baylanıslı u'yreniledi, folklor u'lgilerinin' klassifikatsiyasın beredi. Ha'r bir janrg'a o'z aldına toqtap, olarg'a tolıq sıpatlama berip o'tedi. Avtor qaharmanlıq da'stanlardı qon'sılas xalıqlardın' materialları menen salıtırıp u'yrendi. XVIII-XIX a'sirlerdegi Qaraqalpaq klassikalıq a'debiyatın izertlewge arnalg'an jumıstın' ekinshi tomında avtor qaraqalpaq klassikalıq poeziyasının' da'wirdin' tariyxıy jag'dayı menen baylanıslı qarastıradı.

Jiyen jıraw, Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq, O'tesh, Omar, Sarıbay, Qulmurat shayırlardın' shıg'armalarının' ideyalıq, tematikalıq ha'm ko'rkemlik o'zgesheliklerin izertlew jumıstın' tiykarg'ı wazıypası etip belgilengen. Jumıs jan'a da'wir qaraqalpaq a'debiyatının' payda bolıw, qa'liplesiw ha'm rawajlanıw tariyxın, bul a'debiyattın' wa'killeri Ayapbergen Musaev, Abbaz Dabılov, Sadıq Nurımbetov, Jolmurza Aymurzaev h.t.basqalardın' do'retiwshiligin ilimiy-kritikalıq ko'z qarastan izertleytug'ın u'shinishi bo'lim menen juwmaqlanadı.

Juwmaqlap aytatug'in bolsaq, onıń ilimiy jumısları qaraqalpaq ádebiyattanıw, folklortanıw iliminiń búgingi ǵárezsizlik jıllarında biziń milliy ideologiyamızdı qáliplestiriwde, járdem beredi. Onıń tárbiyalaǵan shákirtleri, onıń shólkemlestiriwshilik xızmeti Qaraqalpaqstan ilimniń búgingi rawajlanıw jolına negiz boldı.

**Использованная литература**


1. «Қарақалпақ халқының биринши илим докторы». Алым ҳәм жазыўшы Нәжим Дәўқараевтың библиографиясы Г. Аббазова, Г. Тажимуратова Нөкис – 2018

2. Дәўлетов А. Мектеп сабақларын дәслепки дүзиўшилердиң бири: [Нәжим Дәўқараев ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 2 авг
3. https://kaa.m.wikipedia.org/wiki/Na%27jim_Da%27wqaraev
4. Нуржанов П. XX – әсир қарақалпақ әдебияты ҳәм Нәжим Дәўқараев мийнетлери: // Еркин Қарақалпақстан. – 2005. – 3 нояб.